**Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы**
**Қарақалпақстан бөлиминиң**

# ХАБАРШЫСЫ

**Журнал 1960-жылдан баслап шығып атыр**

**Ўзбекистон Республикаси Фанлар Академияси**
**Қорақалпоғистон бўлимининг**

# АХБОРОТНОМАСИ

**Журнал 1960 йилдан нашр қилинмоқда**

# ВЕСТНИК

**Каракалпакского отделения**
**Академии наук Республики Узбекистан**
**Журнал издается с 1960 года**

**№ 4**
**(281)**

**Нукус-2025**

# HÁZIRGI QARAQALPAQ POVESTLERINDE HAYAL-QIZLAR RUWHIYATI ANALIZI

**Bekbergenova Z.U.**

*Ózbekstan Respublikası Ilimler Akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Sońǵı jıllardaǵı qaraqalpaq hám ózbek prozasında, sonıń ishinde povest janrı shıǵarmalarında hayal-qızlardıń ruwxıy keshirmelerin kórkemlik penen sáwlelendiriwde jáhán xalıqları ádebiyatlarında sınalǵan dóretiwshilik usıllar qollanılmaqta. Yaǵnıy, ádebiy processte hayal-qızlarımızdıń jámiyetlik turmısta tutqan ornın, onıń ishki sezimlerin, názik hám quramalı ruwxıy dúnyasın súwretlewde filosofiyalıq, psixologiyalıq, simvolikalıq obrazlılıq ústinlik etpekte. Álbette, kórkem shıǵarmanıń orayında turǵan adamnıń ishki ruwhıy dúnyasına tereńnen kirip barıw hám onı kórkemlik penen ashıp beriw dóretiwshiniń ruwxıyatı, súwretlew sheberligi menen de tıǵız baylanıslı. Jámiyettegi hayal-qızlarımızdıń tutqan ornı hám xızmeti máselesi tek kórkem ádebiyat shıǵarmalarında, yamasa ádebiyattanıw iliminde ǵana emes, pedagogika, psixologiya, kórkem óner, tariyx, filosofiya, medicina h.t.b. ilimlerde de óz kórinisin tappaqta. Bunnan biz, hayal-qızlarımızdıń jámiyettegi tutqan ornı hám xızmeti aldıńǵıǵa qaraǵanda ele de tereńlesip atırǵanlıǵın kóremiz. Hayal-qızlarımızdıń ómirlik qostar, mehriban áje, súyikli yar, gózzal qız, ǵamxor ájapa, miyrimli qarındas sıyaqlı ráńbáreń obrazları xalıq awızeki dóretiwshiliginen baslap, klassik ádebiyatımız wákilleriniń, sonday-aq, XX ásirdegi jazıwshı, shayırlardıń dóretiwshiliginde kórkemlik penen sáwlelenip kelmekte. Bul boyınsha ózbek hám qaraqalpaq folklortanıwı hám ádebiyattanıwı iliminde xalıq dástanları menen zamanagóy shayırlardıń hám jazıwshılardıń poeziyalıq hám prozalıq shıǵarmalarındaǵı hayal-qızlardıń obrazı hám ishki ruwhıyatına baylanıslı mashqalalar Ǵ.Musina, Z.Isomiddinov, X.Lutfiddinova, O.Duysenbaev, B.Rajabova, Q.Qahramonov, F.Burxonova, H.Ahmedova, O.Shofiev, Yu.E.Eshmatova hám Z.Zaripovalardıń [1] ilimiy maqalaları, monografiyaları, kandidatlıq hám doktorlıq dissertaciyalarında belgili dárejede úyrenildi. Álbette, bul izertlewler dúnya xalıqları ádebiyatına óziniń kórkem dóretpeleri menen salmaqlı úles qosıp atırǵan jazıwshılarımızdıń prozalıq shıǵarmalarında, sonıń ishinde povest janrı shıǵarmalarında hayal-qızlar obrazı hám psixologiyasın úyreniwde dárek xızmetin atqaradı. Ásirese, hayal-qızlarımızdıń obrazı hám ishki psixologiyası mashqalasın úyreniw belgili dáwir prozasınıń, yamasa janrdıń kórkem poetikalıq kólemin belgilewde de oǵada áhmiyetli esaplanadı. Temanıń usınday áhmiyetli táreplerinen kelip shıǵıp, sońǵı jıllardaǵı ózbek ádebiyattanıw iliminde izertlewshi Yu.E. Eshmatova ǵárezsizlik dáwirindegi ózbek povestlerinde hayal ruwhıyatınıń kórkem analizi máselesin arnawlı úyrenedi. Izertlewshi házirgi ózbek prozasınıń belsendi wákilleri bolǵan H.Dosmuhammedtiń («Chayongul yoxud quyiqishloqcha qotillik», «Hijronim mingdir»), Sh.Botaevtıń «Kayvonining mangu makoni», «Shohona sovǵa», «Yulduzlarga eltar yo'l»), Nazar Eshonquldıń («Urush odamlari», «Momoqo'shiq»), Abduqayum Yo'ldoshtıń («Timsohning ko'z yoshlari», «O'n uchinchi uy yoki otchopar», «Sunbulaning ilk shanbasi»), Sobir O'nardıń («Chambilbelning oydalasi»), Bahodir Qobuldıń («Enashamol») povestlerindegi hayal-qızlar obrazı hám ishki dúnyasınıń ashılıwına ayrıqsha dıqqat awdaradı.

Izertlewshi Yu.E Eshmatova «Ózbek qıssalarında dóretilgen hayal-qızlar obrazı hám onıń ruwxıy dúnyasınıń názik tárepler in kórkemlik jaqtan talqılaw XX ásirdiń dáslepki shereginen baslandı. Bir qatar talantlı jazıwshılardıń povestlerinde hayal-qızlardıń keńes dúzimindegi sociallasqan belsendi kelbeti sáwlelendi. Ózbek hayalınıń hár qıylı kórinisleri júz jıldan aslamıraq dáwirdegi ózbek qıssalarınıń rawajlanıwında payda boldı. Ezilgen, huqıqsız hayallar, ideologiyalıq jámiyetlik hayal, ziyalı, erkin pikirli hayal obrazları házirgi ózbek qıssalarınıń jetik wákilleri tárepinen dóretildi» [2,119-120] – dep jazadı. Izertlewshi tárepinen atap ótilgen pikirler qaraqalpaq ádebiyatında prozalıq shıǵarmalardıń tiykarǵı qaharmanları bolǵan hayal-qızlardıń obrazı ushın da tiyisli. Ótken XX ásirdiń 1920–1930-jılları N.Dáwqaraev, M.Dáribaev, A.Begimov, J.Aymurzaev, D.Nazbergenov h.t. Basqa da jazıwshılardıń ocherkleri, gúrrińleri hám povestlerinen baslap, 1930-jıllardıń aqırında dóretilgen M.Dáribaevtıń «Mıńlardıń biri» povestindegi Húrziyanıń, 1950-jıllardıń aqırında dóretilgen A. Begimovtıń «Balıqshınıń qızı» romanında Ayxannıń obrazı hám xarakteri avtor bayanlawları hám qaharmannıń ózleriniń is-háreketleri arqalı súwretlengen bolsa, 1960-jıllarga kelip T. Qayıpbergenovtıń «Suwıq tamshı» povestinde Ziyadanıń, «Uyqısız túnler» povestinde Gúlzardıń, «Qaraqalpaq qızı» romanında Júmagúldiń, «Qaraqalpaq dástanı» trilogiyasında Qumar ananıń, K.Sultanovtıń «Aq dárya» romanında Jámiylanıń, Sh.Seytovtıń «Qashqın» povestinde Nesibeliniń, 1970-jıllarǵa kelip S. Bahadırovanıń «Hayallar» povestinde Ziywar hám Xanzadanıń, K. Mámbetovtıń «Baxtıń bolsın Arıwxan» povestinde Arıwxannıń,

Q.Kamalovtıń «Marjangúl» povestinde Marjangúldiń, 1980-jıllarǵa kelip, U.Pirjanovtıń «Qızıl kendirdiń gúlleri» povestinde Súyriktiń, G.Esemuratovanıń «Qızım saǵan aytaman, kelinim sen tıńla» povestinde apalı-sińli qızlar Aqsulıw hám Dárigúldiń, jeńgesi Shınardıń, «Jiyren» povestinde Gúlxannıń, Aysultannıń, S.Bahadırovanıń «Táǵdir» romanında Gúljamaldıń obrazı menen xarakterin ashıwda aldıńǵı jıllarǵa salıstırǵanda psixologiyalıq súwretlewlerge umtılıslar ayrıqsha kózge taslanadı. 1980–1990-jıllardaǵı qaraqalpaq prozasında jazıwshılardıń orta hám keń kólemli povest hám romanlarında da insannıń ishki ruwhıy dúnyasın sáwlelendiriwge úlken dıqqat qaratılǵanlıǵın shıǵarmalardıń syujet hám kompoziciyasında dialoglıq hám monologlıq súwretlewler menen birge xat hám tús motivleriniń jiyi qollanılıwı, sonday-aq, xronologiyalıq bayanlawlar menen bir qatarda retrospektivlik súwretlewlerge keń orın berilip, obraz hám xarakter jaratıwda ónimli paydalanılǵanlıǵı gúzetildi.

Áhmiyetli tárepi sonda, povest janrı shıǵarmalarında jeke insandı tereńnen ańlawǵa, onıń tábiyatındaǵı insanıylıq pazıyletler menen unamsız illetlerdi kontraslıq usılda hár tárepleme ashıp beriw tereńlesti. Atap aytqanda, sońǵı jıllardaǵı ózbek povestleri sıyaqlı qaraqalpaq povestleriniń syujetinde de qaharmannıń sanalı hám sanasız háreketlerin kontraslıq usılda analizlewge, sırtqı is-háreketlerinen góre ishki ǵam-táshwishleri menen gúyzelislerin sáwlelendiriwge dıqqat-itibar kúsheydi. Házirgi qaraqalpaq povestlerinde jańa tiptegi obrazlar sisteması, jańasha súwretlew hám bayanlaw stili, syujet hám kompoziciya qurıwda jańalanıwlar júz berdi. Bunı biz sońǵı jıllardaǵı qaraqalpaq prozasında, sonıń ishinde povest janrı shıǵarmalarında insannıń ruwhıy dúnyasınıń ashılıwına, ásirese jámiyettiń bir bólegi bolǵan hayal-qızlardıń táǵdiri menen tábiyatına, ruwhıy dúnyasına hár qıylı rakuslarda jantasıwǵa dıqqat itibardıń kúsheygenligin, usı janr shıǵarmaları boyınsha burınnan jazıp kiyatırǵan G. Esemuratova, S. Bahadırova, K. Mámbetov, M. Nızanov, Sh. Usnatdinov, E. Ótepbergenli, A. Sultanov, J. Serjanov, A. Aqnazarov, G. Tursınova h.t.b. jazıwshılardıń dóretiwshiligi mısalında atap ótiwimizge boladı. Ismleri atap ótilgen jazıwshılardan K. Mámbetovtıń «Márziya» (1995), J. Serjanovtıń «Dóhmet» (1998), «Tabısqan táǵdir» (1998), G.Esemuratovanıń «Mıńda bir keshirim» (1995), «Kim tıńlaydı muńımdı» (1995), «Múrshiyda Bekpolatova kim?» (2006), «Minayım» (2006), S. Bahadırovanıń «Tomaris hám Kir» (1999), M. Nızanovtıń «Aqshagúl» (2002), Sh. Usnatdinovtıń «Dáw kempir» (2012), A. Sultanovtıń «Nekesiz muhabbat» (1993), «Jaslıqta bergen kewil» (1999), «Muhabbat máwritleri» (Esse-povest) (2008), E.Ótepbergenliniń «Aygúl» (2003) povestleriniń syujetlik waqıyaları tikkeley hayal-qızlarımızdıń táǵdiri menen baylanıslı dóretildi. Máselen, jazıwshı K.Mámbetovtıń «Márziya» povestinde ekinshi jáhán urısınan keyingi jıllardaǵı awıl turmısı, urıstan keyingi awır jıllar, kolxoz miynetine er adamlar menen birgelikte hayal-qızlardıń da tartılıwı, jas óspirim qız Márziyanıń qálbinde tuńǵısh muhabbat, súyiwshilik sezimleriniń bórtik jarıwı, lekin, muǵallim jigit Tayırǵa degen muhabbattınıń sátsizlikke ushırawı h.t.b. súwretlewler waqıyalardı bayanlawshı Polattıń tilinen bayan etilse, sońınan bayan dizgini Márziyanıń kúndeligi menen dawam etedi. Márziyanıń ózinen jası ádewir úlkenirek kisige turmısqa shıqqannan sońǵı ómiriniń azap penen ótiwi, sońınan ol úyden awır jaǵdayda shıǵınıp ketip, Shımbayda miyrim shápáátli Árepbay hám Gúljamal ismli aǵalı-qarındaslı adamlarǵa dus keliwi Márziyanıń tilinen bılayınsha bayan etiledi: «Men sol kúni túnde bul biybereket úyden shıǵıp ketken edim. Al, endi Shımbayda belgisiz birewdiń úyinde jatırman. Adamlar arasında jaqsı-jaman toparlarda kóp eken. Bul úy bolsa meni tap óz ákemniń úyindey qabıl aldı. Saatqa qarasam, kún awıp, kesh pesin bolıp qalıptı. Úyde heshkim joq qusaǵan. Yaq, állekim bar eken. Meniń qıbır-sıbırımdı esitip ishke kirip keldi. Bul keshe bándirgide ushırasqan jigit edi» [3,22]. Márziya usı úyge kelip, emlenip, bir neshe kúnnen keyin ayaqqa turadı. Sońınan, Árepbay menen kewilleri jarasıp, turmıs qurıwı, kóp ótpey balalı bolıw qarsańında mezgilsiz qazalanıwı menen povest waqıyası juwmaqlanadı. Usı waqıyalar dizbeginde urıstan sońǵı jıllardaǵı hayal-qızlarımızdıń awır jumıslarǵa jegiliwi, basınan ótkergen turmıs qıyınshılıqları sebepli ómiriniń tragediyalıq tárizde juwmaqlanıwı hayal ruwhıyatınıń awır demleri sıpatında súwretlenedi. S. Bahadırovanıń tariyxıy temada jazılǵan «Tomaris hám Kir» povestinde Tomaris obrazı birinshi planǵa qoyıp súwretelendi. Tariyxıy dereklerde hám ápsanalarda Tomaris biziń eramızǵa shekemgi VI ásirde Iran patshası Kir ústinen jeńiske erisken saq -massagetler qáwiminiń máliykası, húkimdar hayal sıpatında belgili. Alım jazıwshı S.Bahadırovanıń atı atalǵan povestinde Tomaris obrazınıń jetiskenligi sonda – ol óz xalqınıń ǵárezsizligi, azatlıǵı, tınıshlıǵı menen abadanlıǵın sırtqı dushpanlardan mártlershe qorǵaǵan bahadır hayal patsha obrazında qalıp qoymaǵan. Ol aldawlıqta Kirge bende bolıp qolǵa túsken balası Sparangistiń dártinen bawırı kúyip kúl bolǵan japakesh hayal obrazında kóbirek sáwlelengen. «…Ana biysharanıń júregi eljirep, jer bawırlap jılaǵısı keledi, ol múmkin emes, bar dawısı menen ókirip alǵısı keledi, betlerin julıp, shashların jayıp, jer dastanıp bar dawısı menen jer dúnyanı

gúńirendirgisi keledi, biraq patshaǵa ol múmkin emes. «Aldımda júrseń aybatım, keynimde júrseń ǵayratım, qulınım, tulparım, búrkitim, kókke ushsam qanatım, jerde júrsem tiregim, janım balam, dushpan qolında qanday kúyde ekenseń, tirime ekenseń?», − dep emirenedi ana júregi. Biraq, Tumaris ishindegini sırtqa bildirmedi» [4,31]. Povesttegi Tomaris obrazı kóbirek boyına moyımas kúsh-jigerdi jıynaǵan hám óz perzentine bolǵan mehir-muhabbattı jámlegen shıǵıs hayallarınıń batırlıq tımsalı sıpatında súwretlengen. M.Nızanovtıń «Aqshagúl» povestiniń waqıyası bazar ekonomikasına ótiw dáwirindegi jámiyetshiliktegi ózgerislerdiń hayal-qızlarımızdıń turmısına tásiri máselesine arnalǵanlıǵı menen dıqqattı tartadı. Povest qaharmanı Aqshagúl iyilip túsken shańaraǵınıń, ul-qızlarınıń baxtı ushın, jaqsı jasawǵa ján-táni menen umtıladı. Lekin, Aqshagúldiń turmıs qıyınshılıqlarına tótepki bere almay ul-qızları erjetken waqıtta joldan adasıwı, onıń qayǵılı ólimine alıp keledi. Usınday Aqshagúldiń ómirine tiyisli shım-shıtırıq hádiyselerdi avtor geyde bayanlawshınıń, geyde qaharmanlardıń dialogları hám monologları, eske túsiriwleri hám xatları tiykarında ashıwǵa umtıladı. Jazıwshınıń bul povesti 2006-jılı Ózbekstan kóleminde ótkerilgen «Istiqlol zamonimiz qahramonlari» tańlawında birinshi orınǵa miyasar boldı. Qaraqalpaq ádebiyatında bir neshe gúrrińlerdiń hám povestlerdiń avtorı, talantlı jazıwshı G.Esemuratovanıń «Mıńda bir keshirim», povestiniń orayında ótken XX ásirdiń 30-jılları repressiya dáwirinde xalqımız basına túsken awır jaǵdaylar Aynagúldiń tágdiri mısalında súwretlense, «Kim tıńlaydı muńımdı» povestinde Nazlınıń, «Minayım» povestinde Minayımnıń, «Úsh dáwirdiń gúwası «tentek» hayal haqqında ápsana» povestinde Áyse Bólekbaevanıń basınan keshirgen turmıs qıyınshılıqları menen kewil-keshirmeleri kórkemlik penen súwretlenedi. Bul povestlerdiń ayırım qaharmanları isengen er azamatlarınan dákki jep, ómiri tragediya menen juwmaqlansa (Nazlı), ayırımları (Minayım, Áyse Bólekbaeva) ómir ushın gúresip, aqır ayaǵında baxıtlı jasawǵa eriskenligi biografiyalıq hám hújjetli dereklerge tiykarlanıp isenimli súwretlengen. G.Esemuratovanıń kópshilik prozalıq dóretpeleriniń qaharmanları hayal-qızlardan ibarat. Mısalı, joqarıda atap ótilgen shıǵarmalarınan tısqarı «Ayday qız», «Qálligúl», «Ana sezimi», «Qatın qartayǵansha is úyrenedi», «Máyek bórek hám kempir» «Qızım saǵan aytaman, kelinim sen tıńla», «Qaraqalpaq qızlarınıń kestege túsken romanları» dúrkini h.t.b. shıǵarmaları hayal-qızlar ismleri hám hayal-qızlar tágdirleri menen tikkeley baylanıslı dóretilgen. Yaǵnıy, G.Esemuratovanıń shıǵarmalarında adam janınıń, hayal-qızlar dúnьyasınıń ishki gózzalıǵı bar. Jazıwshı olardı real turmıstan alıp súwretlep, kitap oqıwshısın oǵan isendire aladı. Jazıwshı Sh.Usnatdinovtıń «Dáw kempir» (2012) povestinde de ekinshi jáhán urısı sebepli urısqa ketken perzenti Tursınbekti bir ómir kózi tórt bolıp kútip jasaǵan, dáslepki atı umtılıp awıl arasında «Dáw kempir» atalıp bir qáwimge húrmetli ana hám qátquda hayaldıń hásiretli ishki keshirmeleri menen kimisi ómirlik joldasınan, kimisi tuwısqanınan, kimisi jalǵız perzentinen ayırılǵan, kimisi bir ómir mayıp bolıp kelgen perzentleriniń qayǵısın kórip ezilgen analardıń ishki dártlerin sol dáwirdiń ruwhı hám janlı kelbeti menen parallel qoyıp súwretleydi.

Juwmaqlap aytqanda, hár bir adamǵa berilgen jan gózzallıǵı – bul adamǵa tábiyat tárepinen inam etilgen úlken baylıq esaplanadı. Tágdir jámiyettegi hár bir adamlardaǵı hám hayal-qızlarımızdaǵı usı pazıyletti óziniń shım-shıtırıq soqpaqlarında sınaqqa saladı, ruwhı kúshli adam ózindegi bul baylıqtı saqlap qaladı, al ruwhı ázzi adam onı bul dúnyanıń aldamshı qızıqlarına almastırıp joytıp aladı. Biz atap ótken qaraqalpaq hám ózbek jazıwshıları X. Dosmuxammed, Sh. Butaev, N. Eshonqul, Sabır Onar, A. Yóldosh, B. Qobullardıń, qaraqalpaq jazıwshıları G. Esemuratova, S. Bahadırova, A. Sultanov, M. Nızanov, J. Serjanov, Sh. Usnatdinov h.t.b. povestlerindegi hayal-qızlar obrazı birese páklik, danıshpanlıq, aqıl, parasatlılıq tımsalı sıpatında súwretlense, geyde tákábbirlik, mákkarlıq, hiylekerlik, satqınlıq, opasızlıq tımsalı sıpatında sáwlelenedi. Álbette, tili, turmıs tirishiligi hám jasaw ortalıǵı bir-birine jaqın xalıqlardıń shıǵarmaların ideya-tematikalıq, janrlıq hám poetikalıq tárepten salıstırmalı tárizde úyreniw, jazıwshılardıń hayal-qızlardıń jámiyetshilikte tutqan ornın hám hár qıylı tipleri menen obrazların jaratıw usılların úyreniwde, jáne de hayal-qızlar ruwhıyatın sáwlelendiriwde hár qıylı súwretlew usıllarınan (kúndelik dápter, xat, tús, dialog, monolog, portret, peyzaj h.t.b) paydalanıw sheberliklerin úyreniwde úlken áhmiyetke iye.

## ÁDEBIYATLAR


1. Мусина Ғ. Ўзбек халқ достонларида хотин-қизлар образи. – Тошкент: Фан, 1983; Исомиддинов З., Лутфиддинова Х. Икки аёл // Тафаккур, 2007. № 4. – 47-б.; Лутфиддинова Х. Ёзувчининг эстетик идеали ва аёллар образи («Ўткан кунлар» ва «Кеча ва кундуз» романлари асосида). Филол. фан. номз ... дисс. – Тошкент, 1994; Дуйсенбаев О. Ўткир Ҳошимов ижодида она образининг бадиий талқини. Филол. фан. номз ...дисс. – Тошкент, 2011; Ражабова Б. Оналар билан суҳбат. – Тошкент: Турон замин зиё, 2014; Қаҳрамонов Қ., Бурхонова Ф. Аёл қисматининг бадиий тасвири. / Глобаллашув: бадиий талқин, замон ва қаҳрамон. – Тошкент:

Фан, 2018. – 67-83-бб.; Аҳмедова Ҳ. «Армон асираси» романида аёл тақдири талқини. / Глобаллашув муаммоларининг бадиий талқини ва замондош образи. – Тошкент: Муҳаррир, 2018. – 276-280-бб.; Қаҳрамонов Қ. Шоиралар ижодида Аёл руҳияти талқини. / Глобаллашув: бадиий талқин, замон ва қаҳрамон. – Тошкент: Тамаддун, 2019; Шофиев О. Аёл образи ва замонавий талқин / Эркин Аъзам насри бадиияти. (киноя ва образ). – Тошкент: Қақнус медия, 2019. – 131-154-бб.; Зарипова З.С. Қарақалпақ қаҳарманлық дәстанларында батыр ҳаял-қызлар образының эволюциясы. Филоло.илимл.бойынша философия докторы дисс., – Нөкис, 2024.

2. Эшматова Ю.Б. Истиқлол даври ўзбек қиссачилигида аёл руҳиятининг бадиий талқини. Филология фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) дисс., Тошкент, 2020.
3. Мәмбетов К. Мәрзия. // «Әмиўдәрья», №1-2, 1995. 22-б.
4. Баҳадырова С. Тумарис ҳәм Кир. // «Әмиўдәрья», 1999, №3. 31-б.

### Hozirgi qoraqalpoq povestlarida ayollar ruhiyati talqini

**Bekbergenova Z.U.**

*O'zbekiston Respublikasi Fanlar akademiyasi Qoraqalpoǵiston bo'limi Qoraqalpoq gumanitar fanlar ilmiy-tadqiqot instituti, Nukus*

Maqolada hozirgi qoraqalpoq badiiy adabiyotida qissa janri asarlarida ayollar ruhiyati tahlili qisqacha sharhlangan. So'nggi yillardagi qissa janri asarlarida insonning ruhiy dunyosining ochilishiga, ayniqsa jamiyatning bir qismi bo'lgan ayollarning taqdiri va tabiatiga, ruhiy dunyosining har xil rakuslarda ochib berilishiga etiborning kuchayganligi, shu janr asarlari bo'yicha avvaldan yozib kelayotgan G.Esemuratova, S.Bahodirova, K.Mambetov, M.Nizanov, Sh.Usnatdinov, E.Ótepbergenli, A.Sultanov, J.Serjanov, A.Aknazarov, G.Tursinova va h.k. yozuvchilarning ijodi misolida so'z etilib tegishli xulosalar chiqarilgan. Qissalarda ayollarimiz obrazi va ichki psixologiyasi muammosini o'rganish muayyan davr nasri yoki janrining badiiy poetik ko'lamini belgilashda ham muhimligi ilmiy-nazariy jihatdan asoslab berilgan.

### Анализ женской психологии в современных каракалпакских повестях

**Бекбергенова З.У.**

*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук Каракалпакского отделения Академии наук Республики Узбекистан, Нукус*

В статье кратко рассматривается анализ женской психологии в произведениях жанра повести в современной каракалпакской художественной литературе. В произведениях жанра повести последних лет усиливается внимание к раскрытию духовного мира человека, особенно к судьбе и природе женщин и девушек, являющихся частью общества, раскрытию духовного мира в различных ракусах, на примере творчества писателей этого жанра Г.Есемуратовой, С.Бахадыровой, К.Мамбетова, М.Нызанова, Ш.Уснатдинова, Е.Утепбергенли, А.Султанова, Ж.Сержанова, А.Акназарова, Г.Турсыновой и др. сделаны соответствующие выводы. Научно-теоретически обоснована важность изучения проблемы образа и внутренней психологии наших женщин в рассказах при определении художественно-поэтического масштаба прозы или жанра определенного периода.

### Analysis of women's psychology in modern Karakalpak short stories

**Bekbergenova Z.U.**

*Karakalpak Research Institute of Humanitarian Sciences of the Karakalpak Branch of Academy of Sciences of Republic of Uzbekistan, Nukus*

The article briefly analyzes the psychology of women and girls in the works of the short story genre in modern Karakalpak literature. In recent years, in the works of the short story genre, attention has been paid to the disclosure of the spiritual world of a person, especially to the fate and nature of women and girls, who are part of society, to the disclosure of their spiritual world in various rakus, the works of G.Yesemuratova, S.Bahodirova, K.Mambetov, M.Nizanov, Sh.Usnatdinov, E.Utepbergenli, A.Sultanov, J.Serzhanov, A.Aknazarov, G.Tursinova, and other writers, who have been writing about this genre for a long time, and relevant conclusions have been drawn. The importance of studying the problem of the image and inner psychology of our women in short stories is also scientifically and theoretically substantiated in determining the artistic and poetic scope of the prose or genre of a certain period.

# LIRIKALÍQ OBRAZLARDÍŃ PSIXOANALITIKALÍQ TÁBIYATÍ

**Tleuniyazova G.B.**

*Ózbekstan Respublikasi Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew institutı, Nókis qalası*

Házirgi zaman ádebiyat iliminde psixoanalitikalıq usıl poeziyanı tereń túsiniw imkaniyatın beretuǵın baǵdarlardıń biri bolıp esaplanadı. Lirika tek estetikalıq forma emes, ol insannıń ruwxiy dúnyasındaǵı qarama-qarsılıqlar hám sezimlerdiń kórkem sáwleleniwi. Sonıń ushın lirikalıq shıǵarmalardı psixoanaliz kózqarasınan tallaw shayırdıń ishki dúnyasın, sanasızlıqtaǵı qarama-qarsılıqların hám ruwxıy evolyuciyasın tereńirek túsiniwge járdem beredi. Jáhán ádebiyattanıw iliminde kórkem ádebiyat hám psixoanaliz arasındaǵı baylanıslılıq XX ásirden baslap keń úyrenilip kelinbekte.

Psixoanaliz ilimine tiykar salǵan Z.Freydtiń pikirinshe, kórkem shıǵarma insannıń sanadan tısqarı qálewleri hám qorqıwlarınıń kórinisi. Ol «Dóretiwshilik hám qıyal» («Der Dichter und das Phantasieren», 1908) atlı shıǵarmasında ádebiy dóretiwshilikti balalıqtaǵı oyınlar hám qıyallardıń dawamı sıpatında táriypleydi [6]. Freydtiń pikirinshe, hárbir xudojnik óz qıyalın dóretiwshilikke aylandırıp, sanasız tileklerin sociallıq jaqtan qabıl etiletuǵın formada kórsetedi. Bul qubılıs psixoanalizde sublimaciya dep ataladı: dáslep qadaǵan etilgen yaki sanasızlıqta jasırıngan qushtarlıqlar kórkem óner tiline ótip, estetikalıq áhmiyetke iye boladı. Usı kózqarastan, lirika – bel shaxstıń sanasız jaraqatlarları hám soqlıǵısıwların sáwlelendiretuǵın simvolikalıq keńislik.

K.G. Yung Freydtiń ideyaların tereńlestirip, kórkem ónerdegi obrazlardı tek jekke psixikalıq tájiriybe menen emes, al pútkil insaniyatqa ulıwmalıq bolǵan jámáátlik sanadan tıslıq penen baylanıstıradı. Onıń «Arxetipler hám jámáátlik sanadan tıslıq» («Die Archetypen und das kollektive Unbewusste», 1959) miynetinde arxetipler teoriyası hár tárepleme túsindirip berilgen. YUngtiń pikirinshe, kórkem shıǵarmalarda ana, qaharman, kóleńke, ólim, qayta tuwılıw sıyaqlı universal obrazlar tákirarlanıp turadı, sebebi olar adamzat sanasında tariyxıy-mádeniy dárejede jámlengen. Shayırdıń wazıypası sol arxetiplerdi zamanagóy sanaǵa jaqınlastırıw, jańa kórkem formada qayta tiriltiw [1]. Usı kózqarastan, lirika jekke avtor tájiriybesin jámáátlik miflik maydanlar menen tutastıratuǵın dóretiwshilik process bolıp tabıladı.

J.Lakannıń miynetleri psixoanalizdi jańa basqıshqa kóterip, sanasızlıqtı lingvistikalıq struktura sıpatında qarawı menen ajıralıp turadı. Onıń toplamında (1966) sanadan tıslıq «til sıyaqlı dúzilgenligi» aytıladı [3]. Lakan ushın sanadan tıs sóz, ásirese, metafora hám metonimiya dárejesinde ashıladı. Lirika usı tárepten sanasızlıqtıń eń ayqın kórinislerinen biri bolıp esaplanadı: shayırdıń qollanǵan metaforaları jasırın tileklerdi, al metonimiyalıq almasıwlar sanasızlıqtaǵı qorqınıshlar hám tileklerdi ańlatadı. Demek, lirikanı talqılaw tek estetikalıq emes, al adamnıń sanadan tıs dúzilisin til arqalı biliw háreketi bolıp tabıladı. Usı úsh baǵdardı teoriyalıq tiykar sıpatında alıp, S.Ibragimov lirikasın tallaw onıń dóretiwshiligindegi psixologiyalıq processlerdi tereńirek ashıwǵa háreket etemiz. Freydlik sublimaciya, Yung arxetipleri hám lakanlıq til teoriyası shayırdıń lirikalıq dúnyasın hár tárepleme túsindiriwge hám ashıp beriwge múmkinshilik tuwdıradı. Bul usıl qaraqalpaq poeziyasın tek ǵana milliy ádebiyat sheńberinde emes, al dúnya psixoanalitikalıq ádebiyattanıw kontekstinde de kórip shıǵıw imkaniyatın beredi.

Qaraqalpaq milliy poeziyasında S.Ibragimov tematikalıq, ideyalıq hám formalıq izlenisleri arqalı ádebiyattı jańa basqıshqa kótergen shayırlardıń biri. Shayırdıń «Tańlamalı qosıqlar» toplamındaǵı [2] lirikalıq dúrkinleri basqa shayırlardıń poetikalıq dástúrlerinen ayrıqshalanıp, obrazlı ıqsham súwretlewleri, pikirlew sistemasındaǵı ótkirligi hám dúrkinlerge toplanǵan qosıqlar arqalı lirikalıq qaharman xarakterin ashıp beriwdegi ózgesheligi menen kózge túsedi. Biz toplamdaǵı «Dáwkesken qalasınıń kepteri» lirikalıq dúrkinin psixoanalitikalıq talqın boyınsha úyrenemiz. Dúrkinge 2000-jıllardan keyin jazılǵan 30 ǵa jaqın qosıqları kirgen. Olardıń hár birinde lirikalıq qaharmannıń pikirleri anıq, salmaqlı xarakterge iye. Soǵan qaramastan, dúrkindi psixoanalitikalıq tallawda qus obrazı – onı birlestiretuǵın sanadan tıs arxetip dep aytıwǵa boladı. Dúrkindegi «Kók kepterge qara qonǵan, Nigara…» qosıǵı onıń mazmunlıq oray desek boladı.

Dáwkesken qalası – Ústirttiń qubla-shıǵıs bóliminde jaylasqan áyyemgi mádeniy-civilizaciyalıq esteliklerden biri (b.e.sh. IV-III ásirler, XVII ásir). Археологиялық изертлеўлер оны Вазир қаласы менен байланыстырады. Orta ásir dereklerinde, sonıń ishinde, Ibn Battutanıń sayaxatnamalarında aymaqtıń sawlatlı meshitleri, sawlatlı qabıllaw zalları hám bay turmıs mádeniyatı súwretlenedi. Arxeologiyalıq maǵlıwmatlarǵa bola, qala XV-XVI ásirlerde ayrıqsha gúllepjasnaǵan, biraq Ámiwdárya ańǵarınıń ózgeriwi sebepli áste-aqırın qulaǵan [7]. Xalıq эпсаналарында Dáwkesken qalasın Sarı dáw qurǵan degen isenim saqlanǵan: ol óz qılıshı menen taslardı kesip, qala qurǵan [4]. Bul syujet arxetiplik mániske tolı. Qılısh – kúsh, mártlik, hákimiyat hám agressiyanıń belgisi. Freyd táliymatında ol fallikalıq simvol sıpatında hám dóretiwshilik energiyanı, hám buzǵınshı kúshti anlatadı. Tas – máńgilik hám únsizlik, tariyx hám yad belgisi.

Qala bolsa xaostan shıqqan tártip, mádeniyat